

# 10 BAGAY OU KA FÈ POU JERE SENTÒM COVID-19 OU YO LAKAY OU | COVID-19 |

Si ou gen COVID-19 posib oswa konfime

1. **Rete lakay ou** eksepte pou al pran swen medikal.



6. **Kouvri tous ak etènnye ou** avèk yon klinèks oswa sèvi avèk andedan koudbra ou.



2. **Siveye sentòm ou yo** avèk anpil atansyon. Si sentòm ou yo vin pi mal, rele founisè swen sante ou touswit.



7. **Lave men ou souvan** avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn oswa netwaye men ou avèk yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan.



3. **Pran repo epi rete idrate.**



8. Ou dwe **rete** nan yon chanm byen presi epi **lwen lòt moun** nan kay ou otank posib. Epitou, ou dwe itilize yon twalèt apa, si gen disponib. Si ou dwe ozalantou lòt moun oswa bèt andedan oswa deyò kay la, mete yon mask.



4. Si ou gen yon randevou medikal, **rele founisè swen sante a** davans epi di li ou gen oswa ou petèt gen COVID-19.



9. **Evite pataje atik pèsònèl** avèk lòt moun nan kay ou, tankou asyèt, sèvyèt, ak atik kabann.



5. Pou ijans medikal yo, rele 911 epi **enfòmè pèsònèl dispatchè a** ke ou gen oswa ou petèt gen COVID-19.



10. **Netwaye tout sifas** moun manyen souvan yo, tankou kontwa, anlè tab ak manch pòt yo. Sèvi ak spre oswa ti sèvyèt netwayaj pou kay dapre machaswiv ki sou etikèt la.



[cdc.gov/coronavirus](https://www.cdc.gov/coronavirus)